# KONSANTMAN JÈN MOUN KI TE VIKTIM MOVE TRETMAN EPI KI LAKÒZ YO VIN DELENKAN POU DIVILGE ENFÒMASYON KONFIDANSYÈL:

*Fòm sa a la pou ajans k ap kolabore youn avèk lòt itilize pou planifye, kowòdone ak bay sèvis pou jèn moun ki te viktim move tretman ki lakòz yo vin delenkan*[1] *ak fanmi yo.*

**Tanpri li fòm konsantman sa a avèk anpil atansyon epi, si ou gen yon avoka, konsilte avèk li anvan ou siyen fòm nan. Pitit ou ta dwe konsilte avèk avoka li (yo) tou anvan li siyen fòm sa a.**

Nou mande ou pou siyen fòm sa a paske lapolis te arete pitit ou pa twò lontan, epitou paske fanmi ou gen dosye asistans sosyal timoun ki louvri. Pou deside sèvis ki pi apwopriye pou pitit ou pandan li nan pwosesis tribinal la, asistans sosyal ak jistis jivenil ta renmen pale avèk ou sou fason sistèm yo kapab travay ansanm pou kowòdone sèvis yo.

Divilgasyon enfòmasyon ant ajans yo pa kapab fèt san konsantman ou. Si pitit ou te dakò pou resevwa sèten tretman tankou tretman pou sante mantal, tretman pou abi dwòg oswa alkòl, se sèl pitit ou ki kapab bay konsantman li pou yo divilge enfòmasyon sa yo sou tretman an. Si oumenm (oswa pitit ou) chwazi pou pa siyen fòm sa a, sa p ap afekte dosye delenkans pitit ou. Dosye delenkans lan ap vanse, men p ap gen kominikasyon k ap kontinye ant founisè sèvis yo sof si tribinal la bay lòd pou sa.

## PATI 1: REZON KI FÈ Y AP DIVILGE ENFÒMASYON YO

Divilgasyon enfòmasyon yo la pou ede kowòdone ant diferan ajans k ap sèvi pitit ou ak fanmi ou epi pou idantifye pwosesis aksyon ki pi apwopriye a. Objektif la se pou asire sèvis yo ak sa ki pou fèt yo ap satisfè bezwen timoun na epi yo pa depatman avèk referans yo te bay deja yo. Y ap divilge enfòmasyon yo pou kowòdone sèvis yo pou jèn y ap diskite sou li a.

## PATI 2: KIMOUN KI KAPAB RESEVWA ENFÒMASYON YO

Mwen dakò pou yo divilge enfòmasyon yo epi pou yo diskite sou yo pami Depatman Pwobasyon [Department of Probation (DOP)] Vil New York, Administrasyon pou Sèvis Timoun [Administration for Children's Services (ACS)] Vil New York, ajans sèvis fanmi plasman ak/oswa sèvis prevansyon ki endike la yo, nenpòt pwogram Altènativ parapò ak Detansyon, Pwogram Altènatif parapò ak Plasman, oswa founisè Sèvis Plasman ki Pwoteje, ki gen Pwoteksyon Limite, epi ki Pa Pwoteje, Detansyon DYFJ ak nenpòt lòt moun ki endike la yo (tout moun, moun ki konsène, pwogram ak/oswa ajans, sof pou DOP ak ACS, dwe endike la a):

## PATI 3: KI ENFÒMASYON YO KAPAB DIVILGE

### ENFÒMASYON SOU JISTIS JIVENIL

Yo ka divilge enfòmasyon ki endike anba la yo sou dosye delenkans pitit mwen ba ACS ak ajans ak moun ki endike anwo a (*koche kaz pou tout sa ki konsène ou*):

☐ Enfòmasyon ki konsène dènye arestasyon pitit ou, si yo enpòtan

[1] "Jèn moun ki te viktim move tretman epi ki nan delenkans" vle di yon jèn moun ki patisipe nan sistèm asistans sosyal timoun ak nan sistèm jistis jivenil.

| | |
|---|---|
| ☐ | Dosye edikasyon pitit mwen (chwazi dosye ki anvigè yo)<br>☐ Istwa enskripsyon nan lekòl<br>☐ Dosye prezans<br>☐ Dosye akademik<br>☐ Klasman nan edikasyon espesyal, si genyen<br>☐ Lòt: |
| ☐ | Konfòmite avèk pwobasyon, konfòmite avèk ATD/prezans nan ATD, oswa konfòmite avèk ATP/prezans nan ATP |
| ☐ | Lòt enfòmasyon, ki endike la a: |
| **ENFÒMASYON SOU AJANS ACS AK FANMI PLASMAN/PREVANSYON** | |
| Pandan dosye delenkans jivenil lan, ACS ak ajans fanmi plasman/prevansyon yo ka divilge enfòmasyon ki endike anba la yo konsènan pitit mwen ba DOP ak ba ajans ak moun ki endike nan Pati 2 anwo a (*koche kaz pou tout sa ki konsène ou*): | |
| ☐ | Te endike rapò SCR ki gen pou wè ak timoun sa a (men y ap retire nenpòt enfòmasyon ki konsène sous rapò a) |
| ☐ | Enfòmasyon sou fanmi plasman, tankou:<br>☐ Plan sèvis la<br>☐ Patisipasyon nan Sèvis yo (sof enfòmasyon ki gen pou wè ak moun ki konsène men ki pa mwen ak pitit mwen)<br>☐ Objektif pèmanans ak planifikasyon<br>☐ Istwa plasman timoun nan pou moman an ak anvan<br>☐ Dat tribinal ak istwa pwosedi dosye asistans sosyal timoun nan<br>☐ Akizasyon, rezilta, lòd yo bay dispozisyon ak lòt lòd |
| ☐ | Enfòmasyon sou sèvis prevansyon yo bay (sof enfòmasyon ki gen pou wè ak moun ki konsène yo men ki pa mwen ak pitit mwen), tankou (*ekri sèvis yo)*: |
| ☐ | Dosye edikasyon pitit mwen (*chwazi dosye ki anvigè yo)*:<br>☐ Istwa enskripsyon nan lekòl<br>☐ Dosye prezans<br>☐ Dosye akademik<br>☐ Klasman nan edikasyon espesyal, si genyen<br>☐ Lòt |
| ☐ | Enfòmasyon sou sante mantal pitit mwen, tankou dyagnostik, dènye enfòmasyon sou tretman, ak medikaman. (*Si pitit ou te bay konsantman li pou tretman pou sante mantal, se sèl pitit ou ki kapab bay konsantman li pou yo divilge enfòmasyon sou tretman pou sante mantal.)* |
| ☐ | Enfòmasyon sou tretman pou abi dwòg oswa alkòl, tankou dyagnostik, dènye enfòmasyon sou tretman, ak medikaman. (*Si pitit ou te bay konsantman li pou tretman pou abi dwòg oswa alkòl, se sèl pitit ou ki kapab bay konsantman li pou yo divilge enfòmasyon sou tretman pou abi dwòg oswa alkòl.)* |

## LÒT AJANS KI GEN ENFÒMASYON POU DIVILGE

Lòt ajans ki endike nan Pati 2 anwo a ki konsène nan dosye delenkans lan ka divilge enfòmasyon ki endike anba la yo sou pitit mwen ba DOP, ACS a ajans fanmi plasman/prevansyon ak lòt patisipan ki reyini ki gen non yo endike anwo a (*koche kaz pou tout sa ki konsène ou epi endike ajans lan te bay pèmisyon pou divilge enfòmasyon yo*):

☐ Depatman Edikasyon: Dosye edikasyon, ki endike la a:

☐ Pwofesyonèl sèvis swen sante mantal: Enfòmasyon sou sante mantal sou pitit mwen tankou dyagnostik, dènye enfòmasyon sou tretman, medikaman yo. (*Si pitit ou te bay konsantman li pou tretman pou sante mantal, se sèl pitit ou ki kapab bay konsantman li pou yo divilge enfòmasyon sou tretman pou sante mantal.)*

☐ Founisè sèvis tretman pou abi dwòg: Enfòmasyon sou tretman pou abi dwòg oswa alkòl, tankou dyagnostik, dènye enfòmasyon sou tretman, ak medikaman. (*Si pitit ou te bay konsantman li pou tretman pou abi dwòg oswa alkòl, se sèl pitit ou ki kapab bay konsantman li pou yo divilge enfòmasyon sou tretman pou abi dwòg oswa alkòl.)*

☐ Lòt enfòmasyon, ki endike la a (mete non ajans/òganizasyon ki bay enfòmasyon yo):

## PATI 4: FASON YO KAPAB ITILIZE ENFÒMASYON YO

Enfòmasyon yo dwe divilge yo limite nan fason ki endike anba la yo:

(*Ranpli pati sa a si, pa egzanp, enfòmasyon yo ta dwe limite nan sèten peryòd tan oswa sèten sèvis. Si limit sa yo pa nesesè, endike "pa gen limit".*)

## PATI 5: KILÈ KONSANTMAN AN AP FINI

**Konsantman sa a ap fini lè Tribinal la anile dosye Delenkans lan oswa nan fen sèvis yo pou dispozisyon an.**

Mwen rekonèt mwen kapab sispann konsantman sa a nenpòt kilè depi mwen ranpli fòm ki tache a epitou depi mwen voye li nan adrès yo ban mwen an. Mwen rekonèt tou yo ka pa retounen dosye yo divilge yo anvan konsantman sa a ap sispann.

## PATI 6: RE-DIVILGASYON

Mwen dakò pou pitit mwen patisipe nan sèvis ak aktivite ki endike anba la yo:

Pou mete plan sa a anplas, mwen dakò yo ka divilge enfòmasyon yo ba moun/ajans ki endike anba la yo:

Yo pa dwe divilge enfòmasyon ki endike anba la yo: (*Anplwaye asistans sosyal timoun pa kapab garanti enfòmasyon yo divilge yo ap rete konfidansyèl. ACS pa kapab limite re-divilgasyon enfòmasyon lalwa oswa kontra a pa bay pèmisyon pou fè.)*

## PATI 7: KONSANTMAN

**Mwen rekonèt lwa leta ak lwa federal entèdi moun ki resevwa dosye asistans sosyal timoun, dosye sante mantal, dosye abi alkòl oswa dwòg, ak dosye edikasyon pou yo re-divilge dosye sa yo san pèmisyon. Mwen rekonèt tou y ap divilge enfòmasyon yo sèlman jan sa dekri nan fòm sa a.**

**Yo p ap divilge nenpòt enfòmasyon pitit ou poukont li gen dwa pou kenbe konfidansyèl dapre lwa ak règleman federal ak Leta san konsantman pitit ou alekri. (Egzanp yo se dosye ki gen pou wè ak sante seksyèl ak repwodiktif, enfòmasyon ki gen pou wè ak VIH ak SIDA.) Timoun nan ta dwe konsilte avèk avoka li anvan li bay konsantman an.**

***Anplwaye asistans sosyal timoun pa kapab garanti enfòmasyon yo divilge yo ap rete konfidansyèl. ACS pa kapab limite divilgasyon enfòmasyon lalwa oswa kontra a pa egzije.)**
**Y ap note enfòmasyon ki soti nan reyinyon sa a nan dosye a, epi yo ka itilize enfòmasyon yo pou planifikasyon dosye a, nan lòt pwosedi tribinal, epi nan ankèt sou yon nouvo akizasyon pou abi oswa move tretman si ta dwe gen enfòmasyon konsa.**

| | | | |
|---|---|---|---|
| Paran/Responsab legal | | | |
| Sa moun nan ye pou timoun nan | | | |
| Non Timoun nan | | | |
| Dat timoun nan fèt | | | |
| Siyati Paran/Responsab Legal la | | Dat la | |
| Siyati Timoun nan *(Si pitit ou te dakò pou resevwa sèten tretman tankou tretman pou sante mantal, tretman pou abi dwòg oswa alkòl, se sèl pitit ou ki kapab bay konsantman li pou yo divilge enfòmasyon sa yo sou tretman an.)* | | Dat la | |

## KONTAK KI ENPÒTAN POU JÈN MOUN KI TE VIKTIM MOVE TRETMAN KI LAKÒZ YO VIN DELENKAN

| | | | |
|---|---|---|---|
| Ofisye Pwobasyon | | Telefòn | |
| Sipèvizè Pwobasyon | | Telefòn | |
| Kontak ACS/Ajans | | Telefòn | |
| Lòt Kontak yo | | Telefòn | |

## ANILASYON KONSANTMAN

*Ta dwe fèt sèlman lè paran an oswa timoun nan anile konsantman an*

**Depi mwen siyen fòm sa a, mwen endike mwen pa vle ACS, nenpòt Ajans ki gen kontra avèk ACS ak Depatman Pwobasyon divilge enfòmasyon yo youn avèk lòt konsènan dosye kriminèl pitit mwen oswa dosye asistans sosyal pitit mwen.**

**Si pitit ou te dakò pou divilgasyon sèten enfòmasyon sou tretman, tankou tretman pou sante mantal, tretman pou abi dwòg oswa alkòl, se sèl pitit ou ki kapab anile konsantman li pou yo divilge enfòmasyon sa yo.**

Ou ta dwe voye enfòmasyon sa yo pa lapòs nan adrès:

| | | | |
|---|---|---|---|
| Non | | Enfòmasyon pou Pran Kontak | |
| Non | | Enfòmasyon pou Pran Kontak | |

**DEPI MWEN SIYEN FÒM SA A, MWEN ANILE KONSANTMAN MWEN POU YO DIVILGE ENFÒMASYON KI ENDIKE ANBA LA YO, SOF LÈ LALWA BAY PÈMISYON POU DIVILGASYON AN:**

**ENFÒMASYON SOU JISTIS JIVENIL**

☐ Enfòmasyon ki konsène dènye arestasyon pitit mwen

☐ Dosye edikasyon pitit mwen (chwazi dosye ki anvigè yo)
- ☐ Istwa enskripsyon nan lekòl
- ☐ Dosye prezans
- ☐ Dosye akademik
- ☐ Klasman nan edikasyon espesyal
- ☐ Lòt:

☐ Konfòmite avèk pwobasyon, konfòmite avèk ATD/prezans nan ATD, oswa konfòmite avèk ATP/prezans nan ATP

☐ Lòt enfòmasyon, ki endike la a:

| **ENFÒMASYON SOU AJANS ACS AK FANMI PLASMAN/PREVANSYON** |
|---|
| ☐ Rapò SCR endike ki konsène timoun sa a |
| ☐ Enfòmasyon sou fanmi plasman, tankou:<br>☐ Plan sèvis la<br>☐ Patisipasyon nan Sèvis la (sof enfòmasyon ki gen pou wè ak moun ki konsène men ki pa mwen ak pitit mwen)<br>☐ Objektif pèmanans ak planifikasyon<br>☐ Istwa plasman timoun nan pou moman an ak anvan<br>☐ Dat tribinal ak istwa pwosedi dosye asistans sosyal timoun nan<br>☐ Petisyon, rezilta, lòd yo bay dispozisyon ak lòt lòd<br>☐ Tout sa ki endike anwo a |
| ☐ Enfòmasyon sou sèvis prevansyon yo bay pou fanmi mwen epi ki konsène pitit mwen: |
| ☐ Dosye edikasyon pitit mwen (*chwazi dosye ki anvigè yo*):<br>☐ Istwa enskripsyon nan lekòl<br>☐ Dosye prezans<br>☐ Dosye akademik<br>☐ Klasman nan edikasyon espesyal<br>☐ Lòt:<br>☐ Tout sa ki endike anwo a |
| ☐ Enfòmasyon sou sante mantal pitit mwen, tankou dyagnostik, dènye enfòmasyon sou tretman, ak medikaman. *(Si pitit ou te bay konsantman li pou yo divilge enfòmasyon sou tretman pou sante mantal, se sèl pitit ou ki kapab anile konsantman pou yo divilge enfòmasyon sa yo.)* |
| ☐ Enfòmasyon sou tretman pou abi dwòg oswa alkòl, tankou dyagnostik, dènye enfòmasyon sou tretman, ak medikaman. (*Si pitit ou te bay konsantman li pou yo divilge enfòmasyon sou tretman pou abi dwòg oswa alkòl, se sèl pitit ou ki kapab anile konsantman pou yo divilge enfòmasyon sa yo.)* |

| | | | |
|---|---|---|---|
| Non Paran/Responsab Legal | | | |
| Sa moun nan ye pou timoun nan | | | |
| Non Timoun nan | | | |
| Dat timoun nan fèt | | | |
| Siyati Paran/Responsab Legal la | | Dat la | |
| Siyati Timoun nan<br>*(Si pitit ou te dakò pou divilgasyon sèten enfòmasyon sou tretman, tankou tretman pou sante mantal, tretman pou abi dwòg oswa alkòl, se sèl pitit ou ki kapab anile konsantman an pou yo divilge enfòmasyon sa yo sou tretman an.)* | | Dat la | |